

Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 16-17 (7209) 29 апрель 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

## Унсоколо районалъ - 80 сон



Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго Унсоколо район гIуцIаралдаса 80 сон тIубаялъул юбилей. Тарихияб гIумроялда жаниб гьеб заман нилъее дагьаб гьечIо. Республикаялъул картаялда Унсоколо район ккола бищунго гьайбатаб ва берцинаб, бечедаб тари халъги, цIар арал гIадамазги машгьур гьабураб хьинданлъи. Гьеб ккола тIадегIанал ишазул, машгьурал поэтазул, хъвадарухъабазул, захIматчагIазул, цIа гIадав революционерасул, гIелму-культураялъул, лъай кьеялъул гIадамал жанир рахъараб бакI. – Генуб росулъа ккола дунялалдаго цIар рагIарал имамал ГъазимухIамад ва Шамиль, ХъахIабросулъ вахъана жиндир пасихIлъиялъе данде ккезе чи гьечIев поэт МахIмуд, ансадерил гьайбатав вас, цIа гIадав революционер МахIач Дахадаевасул цIар кьун буго Дагъистаналъул тахшагьаралъе.

Нилъер районалъул цIар ун буго тарихиял памятниказдалъун ва зияратаздалъун. Районалда буго жиндир бухIараб тарих бугеб АхIулгохI. Гьайбатаб буго гьаниб тIабигIат, кьурабаз, кIкIалаз, мугIруз, гIодоблъиялъ, лъадал хIоралъ чIахIиял рохьаз бохизабула ракI.

Районалъул чIухIилъун буго Авар гъойсуялда бараб Рихьуни ГЭС. ГIадамазул къадар районалда бахуна 32 азарго чиясде.

Районалда 80 соналда жаниб гIемераб хиса-баси ккана, церетIеял ккана экономикиял, социалиялгун культураялъул бутIабазда. ГьабсагIаталда республикаялдаго босун Унсоколо район ккола кинабго рахъалъ цебе тIун унеблъун. КигIанго батIи-батIиял ишаз къадру хвезабуниги жакъа гьениб унеб буго росдал магIишат, сахлъи цIуни, лъай кьей, экономика, культура цебетIун. Гьанир ралел руго цIиял социалиял кIваралъул объектал. Нилъер щивасул рак1азулъ унго-унголъунги ракI-ракIалъулаб баркалаялъул асар буго социалиябгун экономикияб рахъалъ цебехун район бачарал цересел нухмалъулездехун. Цебе тIолеб буго предпринимательство, агропромышленнияб комплекс, росдал магIишат ва цогидабги. Гьелъие мисалал рачине бегьула бокьараб бутIаялда. Щибаб гIелалъ лъуна гьелъул ишазулъ жидерго бутIа. Дун божарав вуго бачIунеб гIелалъги цIунилин нилъер умумазул гIадатал, тIадегIанаб гIамал-хасият ва гIагараб район тIегьазабиялъе жидерго бажари кьелин.

РакI-ракIалъ баркула районалъул тIолалго гIадамазда гьайбатаб юбилей. Гьарула тIуралел ишазулъ церетIей, лъикIлъи, рекъел, цIиял бергьенлъаби. Район тIегьазаби ккола нилъер цадахъаб иш. Нилъер щивасда бараб буго гьеб. Кинабго лъикIабщинаб, нужее, хириял районцоял ва гьалбал!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Дир Унсоколо

МугIрул тIогьиб гуреб, ахада гуреб
Дунял бакьулъ бугеб, дир Унсоколо,
Дагъистаналъулго ракIлъун кIутIулеб
БахIарзал гIемераб, гIагараб район.

Щибаб бутIаялда цере унеб нух
Дудасан тIатана Дагъистаналъе;
Дин малъизе кIиго имам вахъараб
Эркенлъи бахъизе МахIач вижараб.

ХIасратги намусги кочIолъ ахIарав
РакIалъ чIаго гьечIищ, гIащикъав МахIмуд,
МагIарулай пашман гьаюлей саназ
«Меседил гIадал нах» гьечIищ гIужие?

Зобазда гьоркь бугеб, «чIагояб музей»
Цо АхIулгохI гIела, дуй цIар гьабизе,
Къеркьеязгун кьалаз наслу куцараб
БухIараб дур тарих хутIила нугIлъун.

Дунялго хIайранаб махщелги гьаниб
Гьуинал пихъазул ахалги гьанир,
Къуватаб ГЭС бараб, гьобол хирияб
Исламги цIунараб, цIарги борхатаб.

Дунял х1айранлъулеб тарихалъул ракь
Ч1агояб «Музей»,-ян ц1ар щвараб район,
Гьава-бакъ рекъараб, рии-их ц1акъаб
Алжанаул нур г1адаб, дир Унсоколо.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

## Дир район

ЛъикIал махщалилал жанир рахъараб
ЦIар берцинаб район, дир Унсоколо,
ЦIумал гIадал васаз чIухIизабураб
Дир МахIачил ВатIан, МахIмудил улка.

Эркенаб ракьалъул гьитIинаб кесек
Авар гIор квергъараб камилаб уммат,
Ильичил столалда нужер сайигъат
Сурат гIадин цIунун буго жакъаги.

ГъазимухIамадги имам Шамилги
Щулияб диналъул эркенаб агьлу,
Абадияталда цIарал рехсарал
Васал дурин кколел, дир Унсоколо.

Дагъистаналъул ракI, Россиялъул ракь
Ракьалда тIад бугеб гьитIинаб алжан,
Жакъасеб дур тарих кIодо гьабизе
Гьарила киналго руго данделъун.

**Суайбат ХIАМЗАТОВА.**
**Рихьуни росо.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 16-17 (7209)*
*29 апрель 2016 сон*



***БахIарзазул район, хIурматияб халкъ***
***РакI-ракIалъ баркула кIудияб байрам,***
***Ункъого сонил нух, гьеб херлъи гуро***
***Халатаб сапаралъ тараб лъалкI буго.***
**РЕДКОЛЛЕГИЯ**



# Баркула юбилей, районцоязда!

ХIурматияв Унсоколо районалъул жамагIат, изну кье Унсоколо районалъул медицинаялъул хIалтIухъабазул рахъалдасан баркизе районалъул жамагIаталда нилъер район гIуцIун 80 сон тIубаялъул юбилей.

Район гIуцIараб тарихалда бащадаб буго Унсоколо районалда тIоцебесеб больница рагьараб заманги. I935 соналдаса байбихьун, дагь-дагькккун тIаде цIикIкIун, жакъа I00-го койкаялъул больница буго Унсоколо, руго 5 участковияв больницаби, I2 фельдшерлъиялъулгун-акушерлъиялъул пункт, республикаялъул кIваралъул районазда гьоркьосеб гIуцIи буго Шамилькъалаялдаги.



Пемерал гьунар бугел врачал, фельдшерал, сестраби рукIана ва руго районалъул сахлъи цIуниялъул кьерда. Гьел соназда районалъул юбилеялде рачIунаго лъикIал гIуцIиязул кьерда буго районалъул больницаги. Республикаялъул аналитическияб централъул рейтингазул хIасилазда рекъон «Унсоколо районалъул больница» анцIго лъикIаллъун рикIкIунел районазул больницабазда гьорлъе уна.

Жакъа юбилеялъул къоялде жидерго гIумро гIадамазул сахлъи цIуниялъул хъулухъ гьабун арал, тIадегIанаб махщел букIарал ва бугел врачал ракIалде щвезаризе бокьун буго дие. Гьел ккола: ПIабдулхIамидов МухIамад – хирург, ХIайдаров ХIажи, ХIамзатов МухIамад, МухIамадов МухIу, МухIамадов Ибрагьим, Набиев МахIач, ПIабдулаева Загьидат, ХIамзатов МухIамад, Палиева Чакар, ХIусенова Разият, ПIалиев МухIамад, Мутаева Аминат, МухIамадова Умагьани, МухIамадгIалиева Пайшат. Хваразул мунагьал чураги, чIаго ругел жакъа къоялдаги гIолилазе жидерго хIалбихьиги кьун хIалтIулел руго.

Цойги нухалъ районалъул медиказул цIаралдасан ракI-ракIалъ баркула районалъул юбилей. ТалихI, сахлъи-рохел, нужее!

***ПIайшат МУХIАМАДОВА,***
***Районалъул больницаялъул бетIерай врач.***

* * *

80-сонил тарихалда жаниб батIи-батIияб заманаялда районалда рахъана гIемерал гьунар бугел, жидерго ракьалъул культурагун искусство цIунулел махщел камилал маданиятальул хIаракатчагIи. Маданияталъул идарабазул хIалтIи лъикIаб даражалде бачиналъулъ кIудияб бутIа лъуна батIи-



батIияб заманаялъ районалъул культураялъул отделалъул нухмалъуда рукIарал М. Тажудиновас , ХI. ГIусмановас, Р. ГIабдулаевас, ХI. МухIамаевас, ХI. МухIамадовас, С. МухIамадовас. МагIарул кочIолаб искусство цебетIезабиялъулъ жидеего хасиятаб лъалкI тана ГьаракIуниса ГIайишатица, Генуса Ума НурмухIамадовалъ, ПIайишат МухIамадовалъ, ГIашильтIаса ТIагьаца, Аминица, Написат ИсхIакъовалъ. Гьезул ирс босараб Дагъистаналъул халкъияй артистка, РФялъул ва ДРялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан, ансадерил булбул ПатIимат Магаевалъул гьаракьалъги, кечI ахIиялъул хаслъиялъги хIайран гьаруна магIарулал.

I997 соналъ районалъул культураялъул управлениялда цебе гIуцIараб «халкъияб» цIар щвараб фольклорияб гун хореографиялъул «Унсоколо» ансамбль район, республика ва улка бахун къватIибехунги гIахьаллъуна. 2006 соналъ Польшаялда тIобитIараб халкъазда гьоркьосеб фольклоралъул халгьабиялда «Унсоколо» ансамбль бахъана лауреатлъун ва цо чанго нухалъ ТIолгороссиялъул даражабазул фестивалазул дипломантлъун. Гьединго районалда руго ансадерил искусствоялъул школалда цебе гIуцIараб «МугIрузул талихI», «Гъойсу», гIолилазул «МагIарулай» ва вокалияб-гун инструменталияб «Ансал» ансамблял. «МугIрузул талихI» ансамбль ккола ТIолгороссиялъул даражабазда тIоритIарал цо чанго къецазул, фестивалазул лауреат. РехсечIого гIоларо гIисинал кьурдухъабаз машгьураб, «Рогьалил цIва» телепередачаялъ Россиялъул даражаялда тIобитIараб конкурсалда тIадегIанаб Гран при шапакъат босараб. Ансамблялъе лъеберго соналъ нухмалъи гьабулеб буго ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан М. МухIамадовас.

80 сонил тарихалда жаниб районалъул маданият цIуниялъе хIалтIи гьабуралщиназул цIарал гьанир рехсон хIал кIвеларо.

80 соналда жаниб маданияталъе гьабураб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ къого гIанисев чи мустахIикълъана Россиялъул Федерациялъул, Дагъистан Республикаялъул культураялъул министерствоялъул тIадегIанал цIаразегун хIурматалъул шапакъатазе.

Районалъ 80 сон тIубаялде щибаб росдал культураялъул учреждениялъ хIадур гьабуна жиде-жидер ракьалъул тарих, данде гьабураб лъай кьеялда, гIадамазул сахлъи цIуниялда, культураялъул ва жамгIияб гIумруялда лъалкI нахъе тарал машгьурал гIадамазул бицунел альбомал.

Хирияв районцоял! ТIолабго районалъул культураялъул хIалтIухъабазул цIаралдасан щивасда ракI-ракIалъ баркула районалъ 80 сон тIубаялъул байрам!

***ХIасан МухIамадов***
***Культураялъул управлениялъул нач.***



Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул ва организациязул хIалтIухъабазул рахъалдасан изну кье баркизе районалъул ракьцоязда нилъеца кIодо гьабулеб бугеб район гIуцIарадаса 80 сон тIубай.

Лъай кьеялъул Управлениялъ ва гьелъул киналго организацияз цо хасаб бутIа лъуна ва лъолеб буго нилъер районалъул гIумру цебе тIезабиялъулъ. Районалъул гIун бачIунеб гIел куцаялъулъ ва гьезие битIараб лъайгун тарбия кьеялъулъ лъикIал хIасилалги росулаго дандчIвай гьабулеб буго педагогаз гьаб байрамалда.

Ахирисел соназ республикаялъул лъай кьеялъул министерствалъ гIуцIараб рейтингалда цебесеб кьерда буго районалъул лъай кьея лъул управление. Биччанте нилъер лъай ва тарбия кьеялъул гIуцIалабазда куцарал, тарбиялъай щварал цIалдохъабаз жеги цебетIезабизе ни лъер район, гьениб гIадамазе яшав ва хIухьбахъи гьабиялъе лъикIал шартIал гIуцIизе. Биччанте ни лъер росабазул жамагIатазда, гIадамазда гьоркьоб щулияб гьудуллъи, вацлъи букIине, гьел кидаго цоцазе кумекалъе ратизе. Рохизареги нилъ нилъер лъималаз лъикIал ишаздалъун. Гьединаллъун гьел куцазе чорхое сахлъиги, сабруги, халатаб гIумроги кьеги нужее, хирияв педагогал!

Гьарула щивасе баракатаб, талихIаб, чорхолъ сахлъи бугеб гIумро!

***Лабазан МУХIАМАДГIАЛИЕВ.***
***Лъай кьеялъул управлениялъул начальник.***

# Кандидатасулгун дандчIвай



Араб анкьалда районалъул администрациялда букIана Дагъистан республикаялъул рахъалдасан РФялъул Государственнияб Думаялъул Федералияб Собраниялъул депутатлъиялде кандидатлъун визхизавурав МухIамадсултIан ПIалиевасулги района лъул активалъулги дандчIвай. РакIалде щвезабизин РФялъул Федералияб Собраниялъул Госдумаялде, РДялъул Халкъияб Собраниялде, гьединго бакIалъулаб самоуправлениялде рищиял рукIине руго 2016 соналъул I8 сентябралда.

*(Ахир 8 гъумералда)*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 16-17 (7209)*
*29 апрель 2016 сон*



Росулъе вачIарав МахIачил гьитIинав вац ГIадилгерей Дахадаевасул нухмалъиялда гьоркь Унсоколо гIуцIула Дагъисталъул тIоцебесеб запасалъулаб эскадрон.



# Районалъул бахIарчияб гIумроялдаса

(Байбихьулаб тарих)

**1918 соналда ХIоцоса Нажмудинил аскаразде данде ансадерица ва сверухъ ругел росабаз гьабураб къеркьеялъул хIакъалъулъ гара-чIвари гьабун букIана дица, жиндир мунагьал чураяв, Унсоколо росулъа багIарав партизан ХIажи Ибрагьимовасулгун. Гьес бицана Унсоколо район гIуцIиялде цересел соназул лъугьа-бахъинал. Биччанте жакъасел гIолилазда лъазе ни лъер умумазул бахIарчияб тарих.**

Дагъистаналъул тIалъиялда бакI-бакIазда граждан рагъул цIаял роркьараб хаслихълъиялъул гIуж букIана гьеб. Большевиказул ва революциялъул тушман Нажмудинил гIадамазул багьа-бачариялда гьоркь кIийиде рикьун букIана Унсоколо ва сверухъ ругел росаби. Унеб букIана рагъде хIадурлъи. Нажмудинил гIадамаз хIадурлъи гьабулаан Унсоколо гьабсагIаталда школа ва больница бугел бакIазда рукIарал майдабазда, большевиказин абуни «ХIажихурзабахъ»-абулеб бакIалда. «Балъго нижеда лъазабуна Нажмудинил асаралде гьоркье ккаразул къуваталъул ва яргъил хIакъалъулъ»,-ян ракIалде щвезабуна багIарав партизан ХI. Ибрагьимовас. – Гьезул рукIана 50 туманкI ва 80 гIанисев рагъухъан, нижер абуни 96 рагъухъан вукIана. Гьеб заманалда МахIачица ансадерие битIун бачIана 200 туманкI.

Росулъе вачIарав МахIачил гьитIинав вац ГIадилгерей Дахадаевасул нухмалъиялда гьоркь Унсоколо гIуцIула Дагъисталъул тIоцебесеб запасалъулаб эскадрон.

… I9I9 соналъул ахиралда хъахIаздаса гьеб эскадроналъ бацIцIад гьабуна Анжи шагьар (гьанже МахIачхъала). Гьелдаса хадуб ГIадилгерей Дахадаевасул нухмалъиялда бугеб гьеб эскадроналдасан дагьалги тIаде гIадамалги рачIун, гIуцIана Дагъисталъул II рекIаразул полк. Гьеб полкалъ гIассиял рагьалги гьарун хъахIаздаса эркен гьаруна Северияб Кавказалъул гIемерал шагьарал: Гъизляр, Грозный, Астрахань, Орджоникидзе ва цогидалги. Гьенисан Ибрагьимов ХIажи уна Москвалъул курсантазда цадахъ Даргъиб абулеб росулъе. Партизаназул аслияб масъала букIана Нажмудинил чукъбуздаса ансадерил ракь бацIцIад гьаби. Партизаназе кумекалъе бачIана I4 абилеб девизиялъул Имеников абулев чиясе нухмалъи гьабулеб 42 бригадаги. Рагъ гьабичIого агитациялдалъун гIадамал большевиказул рахъалде рачIинари букIана ХIажил тIадкъай. Гьедин хIинкъикъай гьечIев рагъухъан хIисабалда цо чангоялгун цадахъ ХIажи витIула полк бачIиналде батIибатIиял росабазул гIадамазда гьоркьоб агитация гьабизе.

«Кидаго кIочонареблъун хутIана дие доб къо,-ян бицана ХIажица. – ГьаракIуни росу щулаго ккун букIана бандаз. Балъго къаси ниж рештIана божи бугев чиясухъ. Гьес пашманго бицана жакъа Нажмудинил васас гьерекIдерил къварилъухъ осетиязул бахIарчияв вас Сафар Дударов гIазаб кьун чIванилан. Гьениб бугеб ахIвалхIалги лъазабун ниж ана Рихьуни росулъе. Нажмудинилаз партизаназул рахъалъ риччарал рокьу къал харбаз хIинкъизарун росулъа тIурулел рукIана гIадамал. Нижеца хехаб заманалда росу данде ахIана, бугеб хIал бицана ва гьел большевиказда божизаруна. Гьедин нижеда хадур рачIана Рихьуни росу».

Гьава-бакъ квешалъе хисидал гьудузул тIел гIадин, багIарал тIаде щолаго, бандал ЧIиркъатIе лъутана. БагIараз абуни щулалъи ккуна ГIашилтIа. Гьеб сордоялъ большевиказде тIаде кIанцIана кисаго жидерго гIадамалги данде гьарун, цIикIкIараб къуват рехулеб букIана гьенибе Нажмудиница. Гьеб рагъда сверун ккун кьурса гIодоре кIанцIун хвана 150 Москвалъул курсант ва бахIарчи гIадин рагъда чIвана МухIамадгIали ГIалисултанов, хутIарал нахъе рорчIана.

Хадусеб къоялъ багIараз бугеб къуват рехула ЧIиркъатIа бугеб бандазул щулалъиялде. Гьеб сапар большевиказе битIана. ЧIиркъатIаса бандал Гъадарире хъамуна, гьенисанги хъахIаздаса рацIцIад гьаруна Аргъвани, Данухъ, Паркьухъ, Казбек росаби. Гьеб рагъда ансадерил большевиказе кумекалъе рачIана 500 гIанисев хундерил рагъухъанги. Гьезул кумекалдалъун багIараз бандал хъамуна чачаназул Шали абулеб росулъе щвезегIан ва гьенив Нажмудин ккуна. Гьел рагъазулъ гIицIго Унсоколо росулъа 530 гIолохъанав партизанас гIахьаллъи гьабуна. Гьедин I92I абилеб соналда хъахIаздаса магIарухъалъ тIубанго бацIцIад гьабуна. Гьеб кIудияб бергьенлъиялдаса хадуб чIаго хутIарал багIарал партизаназе кьуна ретIел, Москвалъул курсантазул рахъалдасан БагIараб Байрахъ ва грамотаби.

Дагъистаналда Советияб власть бергьаниги жанисел тушбабаз жеги ярагъ гIодоб лъун букIинчIо. Гьел рахчун рукIана рохьаздаги нохъаздаги. ХIинкъаби кьолел рукIана активистазе, гIадамазда гьоркьоб тIиритIизарулел рукIана партиялде данде чIарал рокьукъал харбал. Гьединал ишазда гьоркьор гIемераб хIалтIи гьабуна партячейкаялъул секретарь ХIажи Ибрагьимовас ва I926 соналъ гIуцIараб комсомолазул ячейкаялъ. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана УнсоколосаМухIамадгIали ХIамзатовас.

Гьебго соналда МахIачхъалаялда тIобитIараб тIоцебесеб комсомолалъул конференциялда гIолилазда цебе масъала лъуна росабалъе нухал рахъиялъул, тукаби рагьиялъул, росдал магIишат цебе тIезабиялъул. Гьеб конференциялдаса хадуб цогидал гIолилазе мисал бихьизабун косомолалде лъугьана ГъазимухIамад ГIалиев, ГIабдулбасир МухIамадханов, ХIусен МахIачев, Зайнулагь ГIабдулхIажиев, Пусман Малачиев.

Партячейкаялъул секретарь ХI. Ибрагьимовасул ва комсомольцазул хIаракаталдалъун I927 соналда росабазул гIадамал рахъинаруна росабалъе гьакил нух бахъизе ва гьел гIемерисел росабалъе рахъана. Унсоколо, Балахьуни, Къудукь, ГьаракIуни ва цогидалги росабалъ рагьана тукаби, школал.

Гьединаб букIана байбихьулаб къеркьеялъул нух цо-цо нилъер бахIарчиял умумазул.

*С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.*

# Районалъе хасияталлъун рукIарал гIадатал

*Дир гIагараб Унсоколо район ккола республикаялда бищунго берцинал районазул цояб. Жакъаги цIунун хутIун руго гьенир гIемерисел церегосел гIадатал. Бокьун буго гьезул цо-цоязул бицине.*

## I. ЗахIматалъул гIадатал



Нилъер умумазда гIезегIан къо бихьана, захIматаб букIана гьезул хIалтIи. Амма гьезул рагIабазда рекъон, гьеб захIмалъи лъалеб букIун гьечIо, хIалтIи цадахъ гьабулеб букIиналъ. Гьединал хIалтIабазул цояблъун ккола ан гвай бай. Масала, цIоросаролъ чIучIунеб гвай балаан. Кверазда пинкьал рахъинегIан хIалтIаниги, гьеб кинабго кIочон тезабулеб букIун буго кечI-бакъаналъ. Гьединал дандеруссиназда букIунаан «БакIиде ра хъинги».

Дагъабниги захIматаб хIалтIи васаз гьабулаан – цIоросаролъ лъелалдаса батIа гьабулаан, цинги хIокIидаса ясаз цIоросаролъ батIа гьабулаан. Гьединал дандеруссиназ гIадамазулъ цоцазда гьоркьоб гьуинлъи, хинлъи щула гьабулаан. Кинаб хIалтIиха букIунеб хинкIалги гьанги, нахуда рецIцIулел цIурачадалги, белъараб хьабахъи, мугьги гьечIони, тIаде урбеч тIураб куракул карщил хIарччида нахъеги ракIаричIони?

Гьединго, «гвай» балаан чIегIераб хурма бакIаризеги. Гьебги бигьаяб хIалтIи гуро: гIисинаб хурма бакIаризе кколаан цIороравб заманалда. Гьенибги букIана хаслъи: абурав васасул гIагарлъиялъе кумекалъе бачIунаан абурай ясалъул гIагарлъи, батIи-батIияб квенги босун. Гьединал дандеруссиназ куцалаан цоцазе кумек гьабизе, гIагарлъи гьункизабизе. Гвай гьабулаан куракудаса гага батIа гьабизеги. Цере цадахъ гьарулел рукIарал хIалтIаби, гьанже жиде-жидецаго гьаризе байбихьун руго.

## 2. Яс аби

Яс аби Унсоколо балъго гьабулаан. Яс лъие росасе иней, васас щий ячиней – гьеб кинабго тIубаан хъизаналъул кIудияз. Бокьараб кьоги данде кколароан гьединал тадбиразе. Данде кколеблъун рикIкIунаан арбагI къо. Яс абизе унаан дунял рукIкIарабго, лъиданиги рихьуларедухъ. Гьей къезе рагIи кьун хадуб гурони, кванил тепси цебе лъолароан. Ясалъул разилъиги цIехолароан. Гьей эбел-инсул хIукмуялда тIад кIалъаларoан. Цоцо ясазда бахIарав берталъ гурони вихьуларoан.

Бертин гьабизегIан кIалъазе, дандчIвазе ихтияр букIунароан. Гьеб гIадат гьанжеги цо-цояз цIунун буго Унсоколо. Жакъа къоялъги абурав вихьидал, яс батIияб рахъалдасан уна, гьев данде ккани, нечола.

Ригьин хвей, ратIалъи росулъ къанагIатаб хIужа буго. Абурал цоцазда бертин гьабизегIан кIалъангутIи, гIемерисезул пикруялда, гьеб ккола щулияб ва талихIаб ригьнал къучI.

*(Ахир 8 гьумералда)*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№16-17 (7209)*
*29 апрель 2016 сон*



История становления и развития Унцукульского района и заселения его людьми своими корнями уходит в далекое прошлое. Достаточно сказать, что по результатам археологических исследований Ирганайской долины было доказано, что древние люди жили здесь еще в эпоху бронзового века (18-13 веках д. н. э.)

80 летию - посвящается:

# Руководители



Гитиновасов Магомед с. Хунзах 1-й сек. Унцукульского РК ВКП (б)



Шейхов Гамзатхан с. Кулецма 1-й сек. Унцукульского РК ВКП (б)



Данялов Гаджиали с. Ругуджа. 1-й сек. Унцукульского РК ВКП (б)



Казиев Ханипа с. Гоцатль 1-й сек. Унцукульского РК ВКП (б)



Гимбатов Магомед с. Цатаних. 1-й сек. Унцукульского РК КПСС



Гаджиев Магомед с. Моксох 1-й сек. Унцукульского РК КПСС



Гамзатов Абдурахман (Омар) с. Унцукуль. Глава администрации Унцукульского района



Гаджиев Сайпудин с. Моксох. Глава администрации Унцукульского района

# История становления и

История становления и развития Унцукульского района и заселения его людьми своими корнями уходит в далекое прошлое. Достаточно сказать, что по результатам археологических исследований Ирганайской долины было доказано, что древние люди жили здесь еще в эпоху бронзового века (18-13 веках д. н. э.). В тоже время предание гласит, что древние жители селения Харачи черпали с отвесной скалы воды с Аварского койсу, что предположительно можно отнести вглубь древней истории еще на 100-200 тыс. лет назад. Таким образом, можно предположить, что территория нынешнего Унцукульского района была заселена еще в глубокой древности. В 5-7 веках нового тысячелетия на территории Унцукульского района возникло ранне феодальное политическое объединение – город государство Ирхан. Известно, что правитель Ирхана являлся братом самого Хазарского кагана. Жители Ирхана оказали первому арабскому нашествию в 7-м веке яростное сопротивление. Повторное нашествие арабов в Дагестан в 8-м веке завершилось падением Ирхана и началом распространения ислама в горной части Дагестана. В 12-13 веках жители нынешнего Унцукульского района принимали активное участие в борьбе народов Дагестана против Манголо-татарского нашествия. В 15-м веке горцы совместно сражались против войск завоевателя – хромого Тимура, а в 1744 году в горах Дагестана потерпел поражения от горцев Иранский завоеватель Надыр-шах. В 17-18 веках на территории Унцукульского района возникло новое государственное политическое объединение – Койсубулинское вольное общество, который являлся одним из независимых и свободных политических объединений сельских обществ на территории Дагестана в 17-18 веках, сыгравших решающую роль в становлении единого государства на территории Дагестана. В период Кавказской войны, т. е. первой половины 19-го века Койсубулинское вольное общество оказалось в эпицентре тех драматических событий, которые происходили здесь с началом освободительной борьбы горцев Дагестана против царизма. Возглавляли эту борьбу уроженцы сел. Гимры в начале имам Газимагомед, а затем имам Шамиль. С деятельностью имама Шамиля связано и возникновение первого государственного объединения в Дагестане – Имамат, религиозно-теократического государства, куда входили горная часть Дагестана и Чечни. Все сельские общества бывшего Койсубулинского вольного общества были разделены на Араканское и Унцукульское наибства и включены в состав государства Имамат. С окончанием Кавказской войны и падением государства Имамат царское правительство для удобства управления Дагестанской областью сохранили на местах наибства, как территориально административные единицы. Таким образом к началу сентября 1859 года территория нынешнего Унцукульского района подразделялось на Араканское и Унцукульское наибства. В 1860 м году Александр 2-й утвердил проект организации управления народами Кавказа. Согласно этому проекту в Дагестане была навсегда ликвидирована власть ханов и беков и была образована Дагестанская область в составе России. Управление областью осуществлял генерал-губернатор. Дагестанская область была разделена на четыре военных отдела: Северный Дагестан, Средний Дагестан, Южный Дагестан, Верхний Дагестан. В свою очередь военные отделы подразделялись на округа, а округа подразделялись на наибства. Таким образом, в состав военного отдела среднего Дагестана входил Гунибский округ, куда в свою очередь входили Араканское и Унцукульское наибства.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 16-17 (7209)*
*29 апрель 2016 сон*



В период Кавказской войны, т. е. первой половины 19-го века Койсубулинское вольное общество оказалось в эпицентре тех драматических событий, которые происходили здесь с началом освободительной борьбы горцев Дагестана против царизма. Возглавляли эту борьбу уроженцы сел. Гимры в начале имам Газимагомед, а затем имам Шамиль.

# Унцукульского района



Нурмагомедов Шамиль с. Гимры Глава МО «Унцукульский район»



Ахмедов Казимбег с. Гимры Глава МО «Унцукульский район»



Тагиров Магомедгаджи с. Унцукуль. Глава МО «Унцукульский район



Абдурахманов Абдурахман с. Унцукуль. Глава администрации Унцукульского района



Расулов Магомед с. Майданское. Глава администрации Унцукульского района



Нурмагомедов Иса Магомедович с. Майданское. Глава МО «Унцукульский район»

# развития Унцукульского района

2 апреля 1864 года военные отделы в Дагестане были ликвидированы. По новому территориальному делению Дагестан был разделен на административные округа, а те в свою очередь подразделялись на наибства. Так на территории Среднего Дагестана появляется Аварский округ, куда вошло и Койсубулинское наибство, созданное путем объединения Араканского и Унцукульского наибств. На 1884 год в аварском округе значились следующие наибства: Хунзахское, Батлухское, Цатанихское и Койсубулинское. В 1908 году наибства в Дагестане как территориально-административные единицы были ликвидированы, а на их месте появились территориально-административные участки в составе округов. Койсубулинское наибство было переименовано в Койсубулинский участок. На 1913 год в состав Койсубулинского участка Аварского округа входили следующие сельские общества. Араканское, Ашильтинское, Балаханское, Бетлинское, Гимринское, Гоцинское, Зиранинское, Игалинское, Инквалитинское, Ирганайское, Иштибуринское, Иштибури-Колобинское, Кахабросинское, Кудутлинское, Моксохское, Мочохское, Унцукульское, Харачинское и Цатанихское.

Свержение царя в России в 1917 году и победа Советской власти в России внесла свои коррективы и в жизни горцев Дагестана после окончания гражданской войны. Декретом ВЦИК от 20 января 1921 года Койсубулинский участок был включен в состав Дагестанской АССР в прежних его границах в состав Аварского округа. 28 марта 1926 года Постановлением Президиума ЦИК ДАССР Койсубулинский участок как административная единица была ликвидирована, а все сельские общества бывшего Койсубулинского участка оставалась в территориально-административном подчинении аварского округа. Четвертая сессия ЦИК ДАССР шестого созыва от 22 ноября 1928 года утвердил проект районирования Дагестана, согласно которому в числе других Аварский округ был ликвидирован, а на территории бывшего Аварского округа были образованы Кахибский и Хунзахский кантоны. Все сельские общества прежнего Койсубулинского участка вошли в состав Хунзахского кантона. Постановлением ВЦИК от 23 января 1935 года на части территории Хунзахского района был образован Унцукульский район и рай центром в с. Унцукуль. В 1935 году в состав Унцукульского района были включены следующие сельские общества: Араканское, Ашильтинское, Балаханское, Бетлинское, Гимринское, Зиранинское, Игалинское, Ирганайское, Иштибуринское, Кахабросинское, Кудутлинское, Моксохское, Унцукульское, Харачинское, Цатанихское, Колобское, Инквалитинское. Постановлением ПВС ДАССР от 20 сентября 1944 года селение Кудутль был передан Гергебильский район.

Указом ПВС ДАССР от 6 августа 1960-го года Унцукульский район был упразднен с передачей его территории в Гергебильский район. По этому же Указу селение Игали был передан в Гумбетовский район. Однако по просьбе трудящихся бывшего Унцукульского района Указом ПВС РСФСР от 1-го февраля 1963 года Унцукульский район был вновь образован как сельский район в границах Гергебильского района. А 12-го января 1965 года Указом ПВС РСФСР Унцукульский район был восстановлен окончательно в прежних его границах. На 23 января 2010 года т. е к своему 75-летию в состав Унцукульского района входили следующие населенные пункты: Унцукуль – райцентр, Цатаних, Иштибури, Колоб, Инквалита, Кахабросо, Бетли, Ашильта, Гимры, поселок Гимры, поселок Шамилькала, Ирганай, Майданское, Зирани, Араканы, Балаханы, Моксох, Харачи.

*Гаджи ИБРАГИМОВ*
*Краевед*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№16-17 (7109)*
*29 апрель 2016*



*Дагъистаналъулго халкъазда нух бихьизабулел маякаллъун рукIана ва руго нилъер районалда рахъарал предводителал; имам ГъазимухIамад, имам Шамиль, ракьалда ритIухълъиялъе гIоло къеркьохъан МахIач Дахадаев, авар поэзиялъе киналго рахъазулаб пасихIлъи кьун, кьучI лъурав ХъахIабросулъа МахIмуд. ГIумро бугебгIан мехалъ лъугIиларо халкъалъе гьезул мисал.*



# Дагъистаналъул церехъаби-районцоял

## ГъазимухIамад имам (1792-1832)



Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамад гьавуралдаса нахъе исана 222 сон тIубана. Гьесул, хъизан-лъималазул хIакъикъат гIемерисел дагъистаниязда лъалеб гьечIо, ай мукъсанаб буго гьесул рахъалъ халкъалда лъалеб жо.

Имамас ячун йиго ункъго чIужу. Гьезул къисматги ккана батIи-батIияб. ГъазимухIамадил инсуца (Гьидалас) гьесие чIужу ячине хIаракат бахъулеб букIун буго гьес I5 сон бараб мехалъ. ГъазимухIамадие абулей йикIана Далил МухIамагъазил яс Шамай, амма гьес гьей ячунаро. Кин бугониги инсуца течIого гьес тIоцеесей чIужулъун ячуна ГIалигьалбацIил яс Шамай ва эмен хун анкь барабго гьес гьей йиччан тола. Дагъаб заманалдаса ячуна ХIажил ХIаскъилил яс Били. Рокъой гьейги тун цIализе уна ГьаракIуниса СагIидида аскIове, ячун лъагIичIого гьейги тола. Лъабабизеги жиндиего йокьун ячуна МикагIилил ХIаскъилил яс ПатIимат. Ячунеб мехалъ гьелъул букIуна I3 сон, жиндирго 26 сон, данделъун руго I820 соналда. Гьезие гьаюла СалихIат абун цIар тарай яс. I0-I5 сонил гIумроялда гьей хола. Абула гьей йикIанин цIар рагIарав Унсоколоса бахIарчи ТIагьирил чIужу.

ГъазимухIамадица ункъабилей чIужу ячана имамлъун вугеб мехалда. Гьей йикIана машгьурав тIарикъаталъул устар Ярагъиясул яс ХIапизат. Гьелъ ГъазимухIамадие гьавула вас ХIасан. Хапизат имамас ячун йиго живго къадаралде щвелалде, ай I83I соналъул хаслихъе.

Гендерил къварилъухъ I832 соналъул I7 (29) октябралда имам ГъазимухIамад шагьидлъанин хабар рагIарабго яс Ярагъияс нахъе ячанин абула. Гьеб батизе бегьула квешлъиялъе чи камуларин гьабураб иш. Абула ГъазимухIамад имам ракьалдаса иналде ункъго моцI бараб лъимер букIанин ХIапизатил ургьиб,-ян.

## Имам Шамиль (1797-1871)



Имам Шамиль гьавуна I797 соналъул 26 июналда Генуб Денгасул МухIамадилги Бахумеседолги хъизаналда. ТIоцевесев лъимерлъун хъизаналда вукIарав гьев гьавияллдаса гIорхъи гьечIого рохун рукIана эбел-эмен ва гIагарлъи. Байбихьуда гьесда цIар букIана ГIали,-абун. Гьеб букIана Денгасул МухIамадил инсул цIар. ГьитIинаб мехалда гьев вукIана загIипав, унтарав, гьедин ГIалиги бахъун гьесда лъола Шамиль,-абун, гIолохъанго хварав эбела лъул вацасул цIар.

* * *

I8I3 соналда Гьарабугъалъул Гюлистан росулъ Ираналъулгун ракълилаб кьотIи хъваралдаса, ай Гюлистаналъул рекъел гьабуралдаса хадуб, Россиялъ Кавказалдаги жиндирго сиясат тIубанго хисизабуна. Россиялъе мутIигIал ракьаз горсверун ккураб Дагъистан захIматаб ахIвалхIалалда букIинги хIисабалде босун, пачаясул тIадчагIаз байбихьана дагъистаниял ва чачанал жидерго кверщаликье ккезаризе, гьезул гIодобе биччараб калам сверана буюрухъазде, рагьараб куцалда лъугьана гьел магIарул халкъазда тIад зулму гьабизе.

АхIичIого рачIарал Россиялъул солдатаз жидехъ гIенеккуларел гурхIел тун хIакъир гьарулел рукIана, гьез чIванкъотIун рилъанхъизаризе лъугьана магIарулал мутIигI гьариялде руссарал ишал. МагIарулазул магIишат ва гIумру къойидаса къойиде захIмалъулеб ва бакIлъулеб букIана. Цо-цоял мутIигIлъун, цогидаз мутIигIлъараб ххвел гьабун, ццим къулчIулел магIарулалги рукIана, кIваралъ жанире рачIунел солдаталги рукIана.

ХIажат букIана цолъи ва гьунки, хIажат вукIана халкъ хадуб бачун бажарулев цевехъан. Гьединав вукIана Шамиль.

## МахIач Дахадаев (1882-1918)



Нилъер цIар рагIарав ракьцояв МухIамадгIали (МахIач) Дахадаев гьавуна 8 декабралда (цогидал баяназда рекъон 8 апрелалда) I882 соналда Дагъистан областалъул Авар округалъул Унсоколо росулъ маххул къебед Давудил ДахIадал хъизаналда. МахIачил эбел ХIурия йикIана мискинав векьарухъан ХIасанхIажиясул яс. Рохел гьечIеб, бакIаб къварилъабаз кIвекIулеб лъимерлъи букIана МахIачил. Гьев жеги гьитIинав чи вукIаго эменги хун, эбелги цогиясе росасе ун, мискинго бетIербахъун ругел гIагарлъиялъул цIобалде ккана. Эбел-инсул гьуинлъиги хинлъиги лъачIев гьес гьитIинго жиндиего чед балагьизе ккана. ЛъикIал гIадамаз ХIуриядаги бестIал эмен МухIамадсултIанидаги гIайиб-гьвел гьабулеб букIана гьев рехун тунилан. Гьелдаса цIунун рукIинелъунги МахIачил тIалаб-агъаз гьабияллдаса эркенго рукIинелъунги бесдал инсуца МахIач цIализе щвезавуна Авар округалъул центрлъун ккола букIараб Хунзахъ байбихьул школалде. Гьенив МахIач лъикI цIалана, цогидазда тIокIлъи бихьизабуна ва гьелъ рес кьуна Темир-Хан-Шураб букIараб реалияб училищеялде цIализе лъугьине.

Хадуб Петербургалда цIалана маххул нухазул ва транспорталъул инжинерлъиялъул институталда. Кив вугониги гIемераб хIалтIи гьабуна Дагъистаналда Советияб власть гIуцIиялъе.

МахIач Дахадаев вукIана гьунар бугеб революционнияв публицистги. ГIемерал бегIерал статьяби хъвана гьес Петербургалда СагIид ХIабиевас бахъулеб «Дагъистаналъул рогьел» газеталъе. Гьев вукIана хIаракатав ораторги, пропагандистги, агитаторги ва гIуцIарухъанги. Гьев вукIана магIарул помещиказегун радикалазе, буржуазиялгун миллатчилъиялъул реакционеразе бадиб къалеб бегIераб хечлъун.

Совет власталъе гIоло Дагъистаналда къеркьей гьабулел соназда М. Дахадаевас живго вихьизавуна иш лъалев рагъулав комиссарлъун гуревги, хIинкъи-къай гьечIев ва бажари бугев командирлъунги. БитIухьего гьесул бетIерлъуда кIвана БагIараб Армиялда Бичераховасул бандазда Порт-Петровск I9I8 соналда эркен гьабизе.

## ХъахIабросулъа МахIмуд (1873-1919)



ХIасрат бергьаразе цIар щолебани
ЦIер гIадин дуниял дир букIинаан.
ЦIикIкIун хиял лъурав ханлъулевани
Халкъалъул ихтияр дихъе щвелаан.

Аваразул машгьурав поэт МахIмуд гьавуна ХъахIабросулъ I873 соналда тIурччи бухIулев Анасил МухIамадил хъизаналда. Лъай щвана мадрасабазда.

МахIмудил пасихIлъи хехго тIибитIана магIаруллъиялда. КъватIибе бачIараб кечI хехго тIибитIулаан халкъалда гьоркьоб, гьел щивасда рекIехъе лъалаан. Гьесул гурони цо заманалда цогидал поэтазул кучIдул кочIохъабаз ахIулароан. МахIмуд живгоги вукIана кочIохъан, жинцагоги ахIулаан жиндирго кучIдул.

I9I4 соналда МахIмуд жиндиего бокьун лъугьана Дагъистаналъул рекIаразул полкалде, нахъа тана кIудияб рагъулаб нух, ва гьана Карпатаялъул мугIрузда, Австриялда. Карпаталда хъвана гьес жиндирго творчествалъул борхалъилъун кколеб «Марьям» поэмаги.

Октябралъул революциялдаса хадуб жиндирго полкгун МахIмуд тIад вуссана Дагъистаналде, гьенив вищула полкалъулаб комиталъул членлъун. Полк биххун хадуб гьев вуссана жиндирго гIагараб росулъе.

I9I9 соналда кучIдузул къецаздаса хадуб МахIмуд чIвана. ЧIвадарухъанас гьудуллъия лъулаб квана-гьекъеялдаса хадуб рокъове унев МахIмудида нахъасан гьванщилъ таманча речIчIула.

МахIмудил тIолабго прозаялда жаниб бихьизабун буго йокьарай Муил образ. Гьей йикIана бечедаб тухумалъул гьесие щвезе рес гьечIей яс. Гьесул рокьул лирика хисула социалиял низамазул, реакционниял идеологиялъул асараздаса магIарул чIужугIаданалъе эркенлъи щвеялде гIунтIун.

МахIмудил кучIдул гьабсагIаталдаги цебего гIадин къадру-къиматалда руго гIадамазда гьоркьор. Гьесул гIемерисел кучIдул лъугьун руго бицекиценлъун, абияллъун.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 16-17 (7109)*
*29 апрель 2016*

*7 гьумер*

# Поэзиялъул гьумер



С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА

## ЦIадул мацIаз хъвараб хъулбузул тарих

*(Поэмаялъул бутIа)*

### ЦеберагIи

Воре дир пикрабазул
Кварал тIезе гьаруге,
ГIасрабазул къалбалъе
Каву къирулеб бугин.
Кварида ругел чIумал
Щущан риххизаруге,
МугIрул бакъулълъиялъул
Тарих гьурщулеб бугин.
ГIасрабазул кечI ахIун
Чвахун уна Авар гIор,
Дуда гьеб щиб лъалебан
Щурщудула къураби.
Дур лъадалъ къалбал рукIун
Гьелъ лъалеб чурударин,
ЦIадулъ росарал хъулби
Нижелъ чIагого ругин.
Раккилин гIасрабазул
Гъваридал къалбазулъе,
Иргъани ханлъиялъул
Херлъарал хабзалалъе.
КIкIуйдулъ босараб тIалъи
ТIаде къулун къураби,
Гьаб ракьалъул бальголъи
РуцIцIухIун чIунги къулчIун.
Бакъуегун моцIрое,
ГанчIазегун цIадуе,
Лагьлъи жидеца гьабун
Пумро тIамун рукIана.
ЖахIдачагIи камичIо
Цогидал миллатазул,
Гьелъул щулалъиялде
Чан къарал гIемерлъана.
Цолъана хIилла-макру
ЛъарагIазул ракьалда,
Авар валияталъе
КъотIана бальго хIукмо.
Чияр ракьал рахъулел
Темирлан цевеги ккун,
ЛъарагIазул хIиллабаз
ХIалхьи течIо гьазие.
Ханлъидал къуват цIехон
ЦIех-рехал гIемерлъана,
Гьелгун рекъон къоролалъ
КъватIиб бальголъи лъуна.
Ханас ккураб ракьалъул
Цицидада ругел гьерекI
Рекъана лъарагIазул
ХIиллаяб макроялда.
Ракълиейилан абун
СихIирлъаби хIалтIизун,
ЧIагояб бихьинаб халкъ
ЛъарагIалде ахIула.
Берцинал харбал рицун
Къо къалъуде сверана,
Тимурил лъади –Шура
ХIиллаялъе ургъана.
ГьагIдалъе херги жубан
Хвезаруна бихьинал,
Гьезул къадар цIикIкIуна
Анкьазаргояддаса.
Ккараб хIакъикъат лъалел
Щвана ГьаракIунире,
МаркIачIумех щварабго
КIанцIана ханлъиялде.
Данде чIезе чи гьечIел
Росабалъ цIаял лъуна,
Щорон рахьиналдего
Къадал риххизаруна.
Гьедин биххана гIумро
Иргъани ханлъиялъул,
Гьанже Шамилил шагьар
Пураб хьиндаллъиялда.
ЦIадул мацIазул бухIи
ХIехьарал къурабаца
Порде къулун щурулеб
Бальголъилъун ккола гьеб.
Чан гIелалъул гIумрудул
Бальголъи гьезда лъалеб?
Чан хIасратал ракIазул
Ракьуе нугIзал ругел?!
Чан хвараздул рухIазул
ХIалал гьезда рихьулел,
ЦIадулал мацIаз хъвараб
Хъулбузул тарих лъалеб?!

### НекIсияб ханлъи

Нилъер заман щвелалде
Чанго гIасруялъ цебе,
Авар гIорул рагIалда
БахIли-Гъадариялда,
АнцIгояддаса цIикIкIун
Шагьар данде бачараб
Иргъани – тахшагьаргун
КIудаб ханлъи букIараб.
Ансадерил къодухъа
Махъадерил къодухъе
Гьоркьоб бугеб жанибльи
Ханлъидахъ букIанила.
Парип ханасул чIелги
«Агьран» шагьар букIараб,
Азаргоялде гIагар
Рукъги жаниб букIараб.
Гьелъул щулалъиялде,
Чан къаралги рукIарал.
ГIисинал шагьаразда
Магъалоги бакIарун,
БакIалъул магIданазул
МастIераз месед биун,
МугIрузда гIияги лъун,
ГIурулмохъда ахал лъун,
Ракьалда цIар рагIараб
Ханлъи гьеб букIанила.
Хазаразул замана,
Христианазул дин,
Заманазул хаслъаби
Гьенирги церетIуна.

## Унсоколо районалъ - 80 сон

ХIуригат цIунулев, бахIарго чIварав
ХIурияд МахIачил хIал цIилъиялъе,
Лъе тIугьдузул кваиIи, эсул хабада
80 сон банин, дур гIуцIиялъин.

БукIана къварилъи, рагъул щуго сон
Щибаб рокъор чIварал, вацазухъ гIоди,
МугIрул чундул гIадал чалухал ясаз
Черхалда рорчарал хамил рачелал.

РукIана рохелал, ихдалил тIугьдул
ТIалил наял гIадин хIалтIулеб гIалам,
Заводалъул цехал, тIилазул артель
МоцIалъ кIицIул къолеб, хIалтIулезе харж.

РукIана хIакимал, хIалтIи къиматал
Гьалмагъ кин вугеван, духъе квер къолел,
Гьиматил МухIамад, ГIабдурахIмановс
МагIарда гIухьбузухъ, ахикь, хурзабахъ.

Районалда лъабго завод букIана
Кибго улкаялде компот битIулел,
Колхозал рукIана гьенир щулиял,
Щибаб соналъ гьанал тоннаби къолел.

Дахадаев колхоз, кибго цIар араб
Гьаналгун пихъазул тоннаби къолеб,
ГIадло тадбиралъул гIоркь кодоб ккурав
Пусмановасул цIар, лъида рагIичIеб?

Халкъалъул хIажатал тIуран херлъарай
РайПОялъул хIаким, АхIмадинова,
Росдал гIадлуялъул гIоркь кодоб ккурай
Бегавул Разият, «маххулай леди».

Дахадаев чIванин, район бихиичIо
ЦIа гIадал гIадамал хадурги гIуна,
Кидаго нуж нижгун рукIине ругин
МахIачида хьолбохъ хъвай гьезул цIарал.

*ЖабрагIил ХАЛИДОВ*

## Жидерго лъалкI тана дир росуцояз

Адамил хьолбохъа ХIава кинниги
МугIрузул хьолбода бугеб ЦIатIанихъ,
Хехал гьуралги пун, гIазу-цIадги бан
ЦIадаб чаран гIадин, лъадарараб мун.
Барятинскиясул чIухIал чакмабаз
Чанги мерхьарал дур ганчIилал нухал,
Хунзахъ базаралда даран бичулел
Дармилал сордо бан, гIемер рештIараб.
Дур тIабигIаталъул, гIаданлъиялъул
ГIемераб бицана Шамиль имамас
Рии ЦIатIанихъги хасел Генубги
Хирияб алжанлъун букIана гьесий.
Бакъулъ ярагъ борчун чуял къолорал
Чангиял бахIарзал хIурлъун рилана,
Эбел ВатIаналде тIаде къо ккедал
КъуркъичIого ана тушман хъамизе.
Дуда жанир гIурал, жигар-яхI бугел
Жалго цIумал гIадал, цIакъал бахIарзал,
Лъебергояддаса цIикIкIарал соназ
Район хъатикь ккурав, нижер Гьиматов.
ЛъикIав рагIул устар, адаб бергьарав
Гунацил МухIамад- росдалго чIухIи,
ГIадлу-низамалъулъ районцоязул
ХIусенил МухIуца тIанкI лъезе течIо.
Дагъистан бахилав, халкъалъ рикIкIунев
Профессор МухIу, цIетIендерил вас,
ЦIияб гIелалъе жив мисаллъун вугев
НасихIатал гIемер, ГIалил МухIамад.
ЖамагIаталда гьорлъ рагIи билълъарав
Бергьарав гIакълучи – учитель – Эхо,
ГIажалалъул унти танкизабурав
Кверал меседилав, Набиев Халил.
Районалъул гIумро, гIодобе биччай
ГIакъилго, камилго нухда бачарав,
Росдал бихьинчиял васазда гьоркьоб
Жиндир цIар рехсолев, ГIабдулмутIалим.
Кинго цеве вахъун роль ахIачIониги
ХIалае ватулев къокъав МухIамад,
Дагъистан чIухIараб Авар театр
«Ахихъанги» хисун щун буго духъе.
ГIандукIил ханасул хур чIунтун гьечIо
Хирабщинаб нигIмат бекьун бижула,
Хундерил тIираби тIагIун ун гьечIо
ТIаде цIияб гIелалъ хисун руго гьел.
Дунялалда инсан бищун хIажатаб
КIиго нигIмат буго: канлъиги лъимги,
МугIрул бецIаб сордо къалъизабизе
Къуват кодоб бугев МуртазгIалиев.
Кандидат ХIалимат, гIелмуялда гьорлъ
Дуцаги бан буго дуйго памятник,
ГIумро цебе буго чорхолъ жан буго
Жегиги цIикIкIаги, дур бергьенлъаби.
Парцул къебедасул къебелъухъ гIадин
КъачIала Зарема дуца унтарал…
Инсул мисал босун нухда рахъарал
ПатIиматийгун дуй, сахлъи гьарула!
ГIаданлъи цIикIкIарал, намус бергьарал
Жеги гIемер руго, дур гIолохъаби,
Хьулухъ цIехечIого, цIар рехсечIого
ЦIакъго лъикI лъала гьел районцоязда.

*ПатIимат ХIАЖИЕВА*
*ЦIатIанихъ росо*



Дир хабаде тIаде тIеренго бай ракь,
ТIамур хъвалеб гьаракь дида рагIизе.
Зонодул ракьанда каратI гьабун те
КечI ахIулеб хIасрат дида бихьизе.

## Бокьун гьечIо дие

Берцинаб дунялги
Дагьаб гIумроги,
Гьадан залимлъараб
Ахир заманги.
Подулел улбулги,
ЧIвалел васалги,
ЧIван ракьалда лъолел
Палимзабиги.
ГIегьалел гьутIбиги,
Гьунел тIамхалги,
ТIугьдузда тIад ккараб
Меседил щубиги,
Щобилъ чIирчIидулел
ЧIоролабиги,
ЧIван ракьалда лъолел
Полохъабиги.
Ахир батулареб
ВахIшияб террор,
Лъие мун хIажатаб
ХIалихьатаб рагъ?
Бокьун гьечIо дие
Гьаб ракьалда тIад
ЦIад базе гурони
Зоб гьугьадизе.
Зодихъ роржанхъулел
ХIанчIазул гуреб
Цоги квешаб хабар
Пундузда чIвазе.
Бокьун гьечIо дие
Рокьулел улбул,
Каранда жанисан
ЦIаялъ рухIизе.
РухIиги, гIодиги,
ГIадалаб рагьги
Бокьун гьечIо дие
Гьезда бихьизе.
Бокьун гьечIо цойги
Рохелалъ гуреб,
Гьезул берда жаниб
МагIу ххулизе.
МугIрул гIадамалъул
Подулел берал
Бокьун гьечIо дие
Гьезда бер чIвазе.
Бокьун гьечIо дие
Дагъистаналда,
Динул исламалда
Рикьаби ккезе.
Ракьалда тIад тIегьан
БачIунеб гьелъул,
БитIун тIегьалаго,
ТIорал къунцIизе.
Бокьун буго дие
Гьаб ракьалда тIад-
Рекъел гьарзалъизе,
Гьогьен дагьлъизе.
Гьайбатаб, роцIараб
Бакъул дуниял
Щивасе цо-цоккун
Сайгъат гьабизе.

*Сидрат ХIАМЗАТХАНОВА.*

## Хвел гьечIеб гIел

Хабалазул рагIал, росдада цебе
Буго эхетун си хоб лъаларезе,
Мармаралъул къоно, къоло ичIго цIар,
ЦIадул рагьда хварал росуцоязул.
Гьелъул гьумералда лъун буго сурат
Солдатасул гурхIел бихьизабулеб,
ГурхIел гьечIеб рагъда, гьитIинаб лъимер
Миллат цIехечIого хвасар гьабулев.
Инсухъ балагьун вас, вас щвелин эбел
Анищал рукIана нахъ руссунелин,
ЧIегIер бараб ратIлилъ гьезул улбузул
Хьул къотIун букIинчIо чIаго ратулин.
РикIкIада хутIана доб рагьул гьугьай
Гьаримал ракIазул тIубачIо анищ,
Васал гIун рачIана, гIелал хисана
Заманаялъ регьон ругьнал цIилъана.
ГIагараб ракьалда хоб щвечIел васал
Мисаллъун хутIана хадур гIолезе.
ГIасраби сверила, санал хисила
Нуж чIаго хутIила, хадур гIолезе.

*М. МУХIАМАДОВ.*
*ХъахIаброс*о

## Кандидатасулгун дандчIвай



ГIалиев МухIамадсултIан Темирханович гьавуна I969 соналда ЦIумада районалъул Гьидалъ росулъ. Гьев ккола Россиялъул Федерациялъул рагъулаб самбоялъул вице-президент, «Зарубежводстрой» ОАОя лъул генералияв директорасул зам., гьединго Унсоколо районалъул хIурматияв гражданин. Жиндирго рахъалъ бицунаго МухIамадсултIан ГIалиевас абуна: гьавунин гIадатияб хъизаналда, кидаго вукIанин ва вугин гIадатияв магIарулавлъун, дагъистаниявлъун, бусурманчилъун, халкъалъе хъулухъ гьабизе хIадурги вугин. Кандидатас Унсоколо район рикIкIана вацлъиялъулаблъун ва ансадерил бокьарал суалал тIуразе хIадур вугин бихьизабуна.

ДандчIваялда районалъул аслиял суалаллъун депутатасда цере лъуна лъелъ гъанкъарал ракьазул Унсоколо, ГьаракIуни, ЦIияб Рихьуни росабазул суалал, ветхое жильеялъул, хIалтIи гьечIолъиялъул ва районалъул цебесеб къадру борхизабиялъулги бицана гьениб. Гьебго заманалда кандидатас бихьизабуна ресалда ре кьон кинабго рагьун бицуневлъун, суалал тIуразе кодове щолевлъун вукIине хIаракат бахъилилан. М-С. ГIалиевасул рахъ кколез ахIана кандидатасе гьаракь кьезе рачIине.

## Ханзабазул гьоболлъи

*(НекIсияб тарихалдаса)*

КушматIа вукIанила Ярачухан абун бечелъиялъул цIар бугев хан. Гьесда мадугьалихъ тIадехун вукIанила МаркIа абун цIар бугев цоги бечедав ханги. Цо нухалда МаркIа ханас Ярачу ханги гьесул улиятги жиндихъего гьоболлъухъе ахIанила ва гьезие хIисаб тун кIудияб гьоболлъи гьабунила.

Гьоболлъиялдаса хадуб гьалбал жидерго бакIалде тIад руссине хIадурлъулаго МаркIа ханас Ярачу ханасул улияталда ватанщинав чиясда тIад кьагIазул тIахьазул гьарурал тIингъал ретIанила. Гьелдалъун бихьулеб букIанила МаркIа хан гIи-боцIиялдалъун бечедав вукIин.

Цо заманалдасан Ярачу ханасги ахIанила МаркIа ханги гьесул гIадамалги гьоболлъухъе. Гьел тIад гIодор рукIине Ярачуханас щивасда гьоркь гунзари (хъабахъ) лъунила. КIудияб квана-гьекъейги гьабун гьалбал тIад руссун унеб мехалда Ярачу ханас лъазабунила щивас жиндаго гьоркь лъун букIараб гунзари цадахъ босейилан.

КIиявго ханасул бечелъи борцине лъугьанила, бищунго бечедав кинавдай вугев?,- абун. Бергьенлъи Ярачу ханасе кьунила. Доб заманалда кванан бетIербахъунеб жо гурони бечелъилъун рикIкIунароанила.

# Районалъе хасияталлъун рукIарал гIадатал

78 сон барай Лабазанова Меседоца бицахъе, ясабун нахъисел къоязго бицунаан хьалималъул. Цере кьолел рукIун руго дарайдул шалал, батIи-батIияв ххамал. Гьелда абулаан «Чемодан бачIанилан». Чемоданалъурги лъун васасул рахъалдасан абуралъе партал, ххамал кьолаан. Ахирал соназда «чемоданалъул» бакIалда кьола гIарац. Парцул къадарги гIага-шагарго 50 000 гъурущ буго. Яс абулелъул васасул эбел-инсуца хал гьабула тухумалъул, ясалъул хьвада-чIвадиялъул, гьелъул бажариялъул. Цо-цо сихIирлъабиги хIалтIизарулаан: васасул эбел балъго унаан ясалъул бакIалде квен гьабулеб гIужалъ, гордухъан хал кколаан ролъ буцараб раса ясалъ хъвагIалебищ яги чурулебищ бугебали. ХъвагIан тани, яс хъубай йигиланги абун, абулей йикIун гьечIо. Раса кидаго чуризе кколеб букIана. Яги ражи бухулеб куцалда хадуб хал кколаан. Гьеб хехго бухани ражибухалдаса къватIибеги бачIине течIого, яс бажари бугейлъун рикIкIунаан. Гьединго, ралагьулаан ясалъ кин цIоросаролъ чIаралеб бугебали. ЧIахIалдаса бацIцIад гьабичIони, гьебги хIалтIизе лъангутIилъун рикIкIунаан.

Гьелъул магIна кколаро цебе рокьиги букIинчIин, рокьи ккаралги данделъулароанин абураб. БацIцIадаб рокьи цIунун гьарурал пишаби, гьунарал гIемер рукIун руго. Аслияб кьагIидаялда рокьи ккарал дандчIвалаан иццухъ. Жакьа кьоялъ лъадаве унев чи вукIунаро – лъим рокьо-рокьобе бачун буго.

Цебе гIадин, кечI-бакьангун бертабиги гьаруларо гьанже. Гьарула гIицIго мавлидал, гьенирги бихьиналги руччабиги батIа-батIаго рукIуна.

бертаде хIадурарал нигIматал: пулав, бахъухъ, натIухъ, цIуралчадал ва цогидабги. Гьанже бахIаралда цадахъ пулав битIуларо. Гьанжесел бертабалъ цIакьго-цIакъ кьачIала гьел нигIматал. Масала, торт.

Цебе кечI ахIулаго, кьурдулаго унаан бахIарасул доре. Нухги кколаан бахIаралъе, «мухь» кьечIого церехун риччалароан. Рукъалъул кIалтIе цIахIарай щварайго, бахIарасул эбелалъ, гьабгIан гIумро гьуинлъагийилан гьелъул кIалдиб гьоцIо хьвалаан. Амма ансадерил гьанжесел бертаби рукIуна ахIи-хIур гьечIел, гIодоре риччарал. ЛъугIана кечI-бакьанги кьурди-хъатти.

Гьелдаго цадахъ лъугIана бертабалъ камуларел рукIарал дагIба-рагIи, рагъ ва гьекъолеб жо. Бертин гьабун нахъисеб кьоялъ ракIарула бахIаралъул хинкIал кваназе. Гьеб буго берцинаб, киданиги хвезе гьечIеб гIадат.

### 4. Кини

Кинида лъимер лъеялъул, бущиналъул гIадат цIунун буго Дагъистаналъул гIемерал росабалъ.

Квералги бохдулги хасаб рущеналъ рухьун лъола лъимал кинида. Гьабураб лъимадуе кини босулаан ясалъул эбелалъ яги эбелалъул ра хьалдасан гIагарлъиялъ.

8I сон барай Ибрагьимова Меседуца бицана кинида лъимер лъолаанила бищунго цIакъ кьижизе бокьулес: «Кьолбол МухIумал гIадаб макьу гьуинаб лъугьаги»,-янги абун. Цинги гIагарлъиялъ лъимадуе сайгъатал кьолаан.

Жакъа гьедигIан кIвар кьоларо гьеб гIадаталде, эбелалъ жинцагоги лъола лъимер кинида,



Цере бертаби гьарулаан кIиго кьоялъ, берталъе ахIарал гIадамал бахIаразе сайгъаталги росун рачIунаан. Гьанже бахIаразе гIарац кьола.

### 3. Бертин

Лъималазул ригьин гьабулелъул, эбел-инсуца хIаракат бахъула гьезие кьваригIараб кинабго чIезабизе: васасе - рукъзал, ясалъе - къайи-кьоно. БатIияв миллатазул гьудулзабаз гьелда цIакьго гIажаибльи гьабула – гьезул гIадатазда васасе чIужу эбел-инсул минаялъуре ячуней йиго.

Бертин гьабулаан хаслихъе, бачIин бакIарун бахъарабго. Бертадул аслияб бутIалъун кколаан бахIарасул рокьое бахIарай ячин. ХьахIаб кIазалъ гьумер бахчарай бахIаралда цадахъ унаан бахIаралъул гIагарлъи, гьудулзаби. ЦIакьго цебесеб гIагарлъиялъухъ рукIунаан хас гьарун

щивго аскIов гьечIониги. Амма цебеги абулаан, гьанжеги абула кинида бущараб лъимер жибго цохIо тезе бегьуларилан. ШайтIаналъ лъимер хисулин. ЧIобогояб киниги кIибикIизе бегьуларин абула. Киниялда тIасан бегьизе бегьулеб гьечIо лъимер – къокъаб лъугьунин абула. Чанго гIелалъ гIелалъухъе кьун, цIунун хутIула кини.

Гемер бицуна кинидахъ ахIулел кучIдузулги. Гьезулъ улбуз кIодо гьарулаан жидерго гьитIичал, гьарулаан гьезие талихI-рохел. Гьезул букIинесеб цIакъ гвангьун цебе чIезабулеб букIана улбуз – кьирал, хан, бечедав, месед. Гьединал берцинал рагIабаздалъун ахIулаан кечI эбелалъ лъимадул кинидахъ. Аслияб кинидахъ кечIлъун Унсоколо цебегоялдаса нахъе букIана зикру.

**Асият МУХIАМАДОВА**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор
САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору у сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -4. 28. 16 г. 18. 30
фактически -19.20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.